

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina rumpaka lagu pop Sunda tétéla loba kapanggih interférensina léksiko-gramatikal tina BI kana BS. Ari wangun interférensina bisa mangrupa wangun léksikal murni tina BI, atawa léksikal serepan boh tina basa kosta boh tina basa daérah, jeung léksikal rékaan. Anu dirékana nya éta léksém BI dirarangkénan BS bari jeung teu merenah dina pamakéan BS. Ari interférensina dina wangun gramatikal ngawengku interférensina morfologis jeung interférensina sintaksis. Dina interférensina morfologis ngawengku prosés ngararangkénan, ngarajék, ngantétkeun jeung ngawancah. Ari dina interférensina sintaksis ngawengku adegan frasa, klausa, jeung kalimah.

Interférensina léksikal anu ditalungtik wangun léksémna katut rélasi semantis atawa tatali hartina kayaning sinonimi jeung homonimi. Dina unggal léksém teu leupas tina rélasi semantis pikeun mikanyaho maksud éta léksém dina rumpaka lagu pop Sunda. Loba anu saharti léksém dina BI jeung dina BS, tapi aya ogé anu teu saharti tur jadi salah harti dina pamakéan BS.

Kitu deui dina interférensina gramatikal anu ditalungtikna nya éta struktur pamakéan BI dina BS. Tina hasil analisis data tétéla loga wangun gramatik anu mirupa BI dipaké dina gramatik BS. Upamana waé dina ngararangkénan aya kecap *paruntungan* anu kecap asalna *untung* dirarangkénan BI *per--an* anu ditarjamahkeun kana BS jadi rarangkén *par--an*. Padahal dina struktur BS taya rarangkén *par--an*. Tangtuna ieu minangka bukti interférensina anu mangaruhan gramatikal dina BS.

Pola-pola interférensina nu kapanggih dina ieu panalungtikan di antarana

- a. Léksém murni tina BI anu dipaké sagemblengna dina rumpaka lagu pop Sunda.

- b. Léksém serepan tina BK jeung BD anu dipaké dina BI tur dipaké ogé dina rumpaka lagu pop Sunda.
- c. Léksém rékaan anu wangun asalna dina BI tapi dirarangkénan ku BS. polana nya éta rarangkén *-na, -an, di-, ka-, ka--an, -keun, ka--keun, N-, N-+N-, pa-, pa--an,* jeung *sa-*.
- d. Ayana interférensina dina prosés morfologis tina BI kana BS, kayaning ngarajék, ngantétkeun, jeung ngawancah. Polana dina ngararangkénan nya éta *ber--an, di-+N, Adj+-an, ka--an, N--keun, per--an, pang--na,* jeung *-an*. Ari dina ngarajék nya éta *dwimurni, dwimurni+di-, dwimurni+ka-, dwimurni +N-, dwiréka,* jeung *dwimurni +-an*. Ari dina ngantétkeun pola nu kapanggihna nya éta lolobana diwangun ku dua kecap, jeung nu diwangun ku tilu kecap ngan aya hiji.
- e. Dina interférensina sintaksis loba kapanggih data anu ngandung interférensina. Pola-pola frasa jeung adegan klausa katut kalimahna méh sarua jeung struktur dina BS. Dina frasa kapanggih 4 pola jeung 10 subpola, dina adegan klausa kapanggih 6 pola, jeung dina adegan kalimah kapanggih 2 pola. Dina pola klausa jeung kalimah teu béda jauh jeung dina struktur BS, ngan dina ieu adegan aya anu kaselapan ku BI dina sababaraha unsurana.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan minangka salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda, sarta niténan naon waé rereged anu nyampak nu ngabalukarkeun seuseutna miara basa Sunda. Ku samporétna panalungtik sarta kawatesanan boh dina waktu migawéna boh dina référénsi jeung media séjénna, ngabalukarkeun ieu panalungtikan loba kahéngkérana.

Ayana interférensina dina rumpaka lagu pop Sunda anu antukna ayana kasalahan makéna basa dina rumpaka lagu pop Sunda merlukeun panalungtikan séjén anu leuwih teleb sangkan tarékah ngamumulé BS bisa leuwih dironjatkeun. Saupama aya panalungtikan anu sarupa di mangsa nu bakal datang disarankeun

bari dibarengan ku ulikan ngeunaan *étnomusikologi*. Tangtuna éta hal bisa leuwih ngajembaran panalungtikan ngeunaan rumpaka lagu pop Sunda anu jadi ambahan dina panalungtikanana. Kumaha sawangan ahli *étnomusikologi* kana pentingna rumpaka dina lagu sarta galeuh-galeuh dina rumpaka lagu.

Pikeun para praktisi dina dunya *étnomusikologi Sunda* sangkan leuwih merhatikeun aspék kabasaanana dina nyarungsum rumpaka lagu. Tapi henteu matak ngaragragkeun ajén-inajén karyana tampolana leuwih ngaronjat jeung teu leungiteun pasaranana. Da sahenteuna ieu wanda kasenian téh milu miara basa Sunda ku makéna rumpaka dina basa Sunda gé.



